

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Dina ieu bab dipedar métode panalungtikan anu ambahanna ngawengku désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

3.1 Désain Panalungtikan

Nurutkeun Margono (2014, kc. 100) désain atawa rarancang dina hakékatna mangrupa prosés mikir sacara gembleng jeung nangtukeun kalayan asak hal-hal nu rék dilakukeun. Éta hal ngawengku masalah, wangun atawa wanda data nu dibutuhkeun, nepi ka pola jeung sistematika laporan. Désain panalungtikan ogé mangrupa padika atawa cara-cara nu dipaké panalungtik enggoning nyangking data nu tangtu. Cara nu dimaksud di dieu nyaéta stratégi panalungtikan sangkan panalungtik bisa ngahontal sasaran nu mangrupa jawaban tina masalah atawa bebeneran nu biasa disebut métode panalungtikan (Hikmat, 2011, kc. 30).

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Pamarekan kualitatif nyaéta pamarekan nu miboga fungsi pikeun manggihkeun jeung maham hiji fénoména séntral (Sugiyono, 2017, kc. 4). Sajaba ti éta, pamarekan kualitatif ogé mangrupa hiji pamarekan nu ngaguar situasi sosial ku cara ngadéskripsikeun bebeneran nu diwangun ku kekecapan, dumasar téknik ngumpulkeun analisis data relevan jeung dicangking tina situasi alamiah (Satori & Komariah, 2014, kc. 25). Ku kituna, dina panalungtikan kualitatif teu ngan saukur ngadéskripsikeun data hungkul, tapi ogé déskripsi nu mangrupa hasil tina ngumpulkeun data, luyu jeung padika panalungtikan kualitatif. Ari anu dimaksud métode déskriptif nyaéta hiji métode nu miboga fungsi ngagambarkeun data panalungtikan.

Dumasar kana pamarekan kualitatif jeung métode déskriptif, désain panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyoko kana galur saperti ieu di handap.



Bagan 3.1. *Desain Panalungtikan*

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Kembang Patapan* karya Syarif Amin. Mimitina ieu galeuh novél mangrupa wangun carios sandiwara opat babak nu dikarang ku Sanoesi Pané, dijudulan *Kertajaya*, dimuat dina majalah bulanan *Timbul* jaman saméméh perang. Sanggeus kitu, dina taun 1933 ieu carita dijieun implik-implik bari judulna ganti jadi *Déwi Amisani*. Ieu novél mimitina diwedalkeun ku *Pelita Masa* dina taun 1963, tuluy dicitak deui ku *Kiblat Buku Utama* dina bulan Pébruari 2014. Aya 9 babak tur 90 halaman nu nyaritakeun

lalakon carita dina novél. Ari panjangna ieu novél nyaéta 20 cm, lébarna 13,5 cm, jeung kandelna 0,54 cm.

Ari nu jadi galeuhna tina ieu carita nyaéta medar lalakon Déwi Amisani jeung Dangdang Gendis nu nandangan ahir cinta nu lara. Dangdang Gendis nu basa mimiti tepung jeung Amisani téh nyamar jadi jalma miskin, tétéla mangrupa pamingpin di hiji karajaan nu mashur. Sabab duanana silih mikacinta, ahirna ngajodo jeung babarengan silih rojong mingpin nagara Daha. Hanjakal maranéhna pondok jodo sabab Amisani maéhan diri sorangan basa meunang béja Dangdang Gendis tiwas di médan perang. Sanggeus manéhna maot, Dangdang Gendis kurunyung datang ka karajaan sarta sacara langsung jadi tanda yén manéhna can maot. Sabab geus kajadian, ahirna Dangdang Gendis nuturkeun Amisani bareng jeung didurukna karajaan Daha.

Sajaba ngébréhkeun eusi nu kawilang tragis jeung ngirut, novél *Kembang Patapan* ogé méré kesan éndah sabab pangarang sacara parigel mintonkeun kamampuhna ngulinkeun kalimah-kalimah. Éta hal salah sahijina katitén dina réana gaya basa kiasan nu diwangun pikeun ngémbohan eusi carita. Ku sabab kitu, ieu novél téh dipilih minangka sumber panalungtikan.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Dumasar kontéksna, ieu kartu data diwangun ku sababaraha aspék pikeun jadi tatapakan informasi nu kudu dicangking nalika hiji data ditalungtik. Éta aspék ngawengku sagala hal nu patali jeung idéntitas data nu dibutuhkeun pikeun nyumponan tujuan hasil panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, titénan tabél nu ngébréhkeun wangun kartu data panalungtikan ieu di handap.

No. Data : 013		Data :	
Kode Data : KP/1/KC8/P7/Kal.1/013		Ieu mah <i>lir</i> déwa nyamar!	
Analisis			
Wanda		Harti	
Gb. Ngupamakeun	V	Harti Babandingan	V
Gb. Lalandian		Harti Lalandian	

Gb. Mijalma		Harti Babandingan Jalma	
Gb. Kilatan		Harti Babandingan Pasipatan	
Gb. Panelah		Harti Raguman	
Gb. Perwatek		Harti Pamoyok	
Gb. Raguman		Harti Panelah	
Gb. Ocon		Harti Panyungkun	
Gb. Pamoyok		Harti Babandingan Barang	
Gb. Silib		Harti Papasangan	
Gb. Sangaran		Harti Babandingan Wangun	

Tabél 3.1 *Kartu Data Panalungtikan*

Tina tabél di luhur, katitén éta kartu data kawangun tina sababaraha bagian kolom informasi nu dibutuhkeun. Bagian kahiji aya ‘nomor data’. Bagian kadua aya ‘kode data’ anu ngawakilan idéntitas spésifik ayana data dina novél. Ku sabab spésifik, ieu kode data dijéntrékeun ngaliwatan kode nu leuwih gemet ngawengku (1) judul novél nu diwakilan ku singgetan ‘KP’ (*Kembang Patapan*), (2) subbab ka sabaraha dina novél nu diwakilan ku angka, (3) kaca ka sabaraha anu diwakilan ku singgetan ‘KC’, (4) posisi paragraf ka sabaraha dina hiji kaca nu diwakilan ku singgetan ‘P’, (5) posisi kalimah ka sabaraha dina hiji paragraf nu diwakilan ku singgetan ‘kal’, jeung (6) nomor data ka sabaraha tina sakabéh data nu geus dianalisis.

Satuluyna dina bagian katilu aya kolom pikeun nuliskeun data naon nu keur dianalisis, jeung bagian kaopat diwangun ku prosés analisis nu kabagi jadi dua kolom, nyaéta kolom wanda jeung kolom harti. Dina kolom ‘wanda’ diébréhkeun wanda-wanda naon waé nu aya dina gaya basa kiasan. Kitu ogé dina kolom ‘harti’ nyampak wangun harti naon waé nu aya dina hiji wanda gaya basa kiasan. Upama data nu dipaluruh miboga ciri saluyu jeung wanda atawa harti, panalungtik kari méré centang (V) dina kolom nu aya di sagigireunna. Sanggeus kitu, bakal kapanggih éta data téh kaasup kana wanda jeung harti nu mana.

3.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 104) téknik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu paling stratégis dina panalungtikan. Sabab tujuan utama tina panalungtikan nyaéta nyangking data. Téknik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téknik tilikan pustaka. Tilikan pustaka nyaéta hiji prosés ngumpulkeun data ku cara ngumpulkeun data tina pustaka-pustaka nu aya pikeun ngadeudeul prosés analisis data. Ieu tilikan pustaka téh nyoko kana buku, jurnal, atawa tulisan séjénna nu patali jeung data nu ditalungtik.

Dumasar kana pedaran di luhur, kawangun léngkah-léngkah nu baris dilakukeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan sarta katitén dina wincikan ieu di handap.

- a. Nangtukeun sumber data anu mangrupa basa Sunda ragam tinulis nyaéta novél *Kembang Patapan* karya Syarif Amin.
- b. Maca novél *Kembang Patapan* karya Syarif Amin.
- c. Nyirian kalimah nu ngandung gaya basa kiasan dina novél *Kembang Patapan* karya Syarif Amin.
- d. Nyalin kalimah nu ngandung gaya basa kiasan dina novél *Kembang Patapan* karya Syarif Amin kana kartu data.
- e. Nyusun kartu data dumasar abjad.

3.5 Téknik Ngolah Data

Pikeun ngolah data anu geus dikumpulkeun, dipilih téknik bagi unsur langsung (*Immediate Constituent Analysis*). Nurutkeun Sudaryanto (dina Baryadi, 2013) ieu téknik mangrupa téknik dasar pikeun ngabagi komponén lingual data jadi sababaraha bagian atawa unsur. Salian ti ngagunakeun téknik bagi unsur langsung, aya sababaraha tahap nu baris dilakukeun dina ieu panalungtikan sakumaha nu ébréh dina wincikan ieu di handap.

- a) Niténan deui data anu dikumpulkeun

Pikeun ngolah data, saméméh nincak kana léngkah satuluyna, penting pisan dititénan deui data anu geus dikumpulkeun. Ieu hal boga mangpaat pikeun nguatan data nu rék diolah sangkan luyu kana rumusan masalah jeung tujuan panalungtikan.

b) Ngaruntuykeun data sacara alpabétis

Sabada dititénan, data diruntuykeun sacara alpabétis. Ieu hal ngadukung kana gampangna prosés analisis data sangkan ngaruntuy nepi ka teu bangga nalika rék dirunut deui.

c) Ngodeuan data

Ngodeun data patali jeung prosés méré ngaran data ku sebutan nu leuwih singget. Ku cara ngodeuan data, prosés analisis jeung déskripsi bisa leuwih gampang jeung singget.

d) Nyieun papasingan data

Papasingan data hartina ngelompokkeun data nu kapanggih dumasar ciri jeung wandana. Sajaba bisa ngabantuan analisis, ieu tahap ogé ngarojong sangkan data nu geus dikumpulkeun leuwih gampang dititénan deui.

e) Analisis

Tahap analisis mangrupa tahap penting sanggeus data dikumpulkeun. Ngaliwatan analisis, data diolah jadi hiji informasi nu anyar sangkan éta data leuwih gampang kapaham jeung miboga mangpaat pikeun jadi solusi hiji masalah.

f) Déskripsi

Déskripsi miboga tujuan pikeun méré ma'na jeung gambaran anu leuwih jéntré tina analisis data nu dilakukeun saméméhna.

g) Napsirkeun jeung nyindekkeun

Dina ieu tahap, data ditapsirkeun sacara leuwih rinci dumasar tiori nu dijadikeun tatapakan. Saupama dina analisis jeung déskripsi kawatesanan ku rincian data nu heureut, dina ieu prosés data dijelaskeun sacara gembleng tur dipatalikeun kana unsur séjénna. Sajaba ditapsirkeun, data ogé perlu dicindekkeun sangkan kapanggih hasil tina éta panalungtikan.